

Jistis ak Lapè Achidyosèz Pòtoprens

Sekretarya Achidyosèz Pòtoprens
14, Ri Waag, Pòtoprens - Ayiti

nan kolaborasyon ak

Commission Episcopale Nationale Justice et Paix Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè

Secrétariat national
BP 1572, Port-au-Prince Haïti 6110
Tel 29 43 00 79
cenjp@yahoo.com
www.justicepaixhaiti.org.ht

Vyolans nan lari zòn metwopolitèn nan
Violence dans la zone métropolitaine de Port-au-Prince

JE WÈ, BOUCH FÈT POU PALE

Mwa jiyè rive sektanm 2019

Jistis pou moun viktim masak Lasalin ak masak Kafou Fèy toujou nan enpas

72

Orijinal an kreyòl
Texte en français : voir pages 3 et 14-21
Résumé en anglais, p. 4 ; en espagnol, p. 5
En cas de citation du rapport, veuillez indiquer la source

Lèt toulouvri pou otorite Egzekitif, Lejislatif, Jidisyè ak Polisyè ayisyèn yo

Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè nan kolaborasyon ak **Komisyon Jistis ak Lapè Achidyosèz Pòtoprens** salye nou ak anpil respè.

Rapò sou sitiyaasyon vyolans nan zòn metwopolitèn Pòtoprens lan sòti mwa jiyè rive mwa septanm 2019 la, prezante nou sitiyaasyon ensekirite k ap boulvèse yon ansanm katye popilè ak lari Pòtoprens. Rapò trimèstriyèl sa a montre tou, kijan masak yo pa janm sispann fèt sou moun k ap viv nan katye popilè yo espesyalman katye Lasalin. Li pale nou, sou yon seri manifestasyon popilè kont prezidan Jovenel MOISE pou mande l demisyone. Seri manifestasyon sa yo ki te kòmanse nan finisman mwa dawou 2019 la, te lakòz pa t gen yon bon ouvèti klas ane akademik 2019-2020 an. Menm si kèk lekòl te fòse louvri pòt yo, men de (2) semèn apre yo ta pral blije fèmen pòt yo.

Nan nouvo rapò sa a, **Komisyon an** konstate fenomèn kidnapin nan, ki te fè yon bese depi kèk tan, retounen ankò nan peyi a. Men, olye kidnapè yo al sere moun yo nan komin Site Solèy jan sa te konn fèt nan lane 2005-2006 yo, kounye a se nan komin Petyon Vil lapolis rive mete men sou kèk moun ki nan zak kidnapin sa yo. Nou vle di pou tout moun, fenomèn kidnapin sa a fè peyi a anpil mal, lapolis la dwe vin pi pwòch popilasyon an paske anpil fwa se mank konfyans nan lapolis la ki konn fè li pa sove anpil vi, sitou lè nou konsidere kòkòday ki genyen ant gwoup nèg ak zam yo nan yon seri katye popilè ak rezo k ap fè zak kidnapin yo.

Komisyon an vle atire atansyon otorite yo sou yon pratik ki genyen anndan lapolis la nan sa ki gen awè ak lè yon moun pran bal ak lè se yon detni oubyen yon prizonnye ki malad epi ki bezwen pran swen nan yon lopital kèlkonk : ***depi yon moun pran bal li pa mouri, kit se polisye ki tire sou moun nan kit se yon patikilye, kit se yon inosan ki pran bal nan kad yon entèvansyon lapolis, patwouy polis la pran moun sa a pou al anchennen li sou yon kabann nan Lopital Jeneral (HUEH) menm jan ak yon moun ki sòti nan prizon, san okenn suivi medikal. Souvan, yo pa konsidere nan ki pati nan kò moun nan ki touche ak si li bezwen opere prese prese.*** Lè nou konsidere ki kantite moun ki pran bal nan kad seri manifestasyon k ap fèt kont pouvwa anplas la nan dènye jou sa yo, n ap mande kòman dwa lasante yon moun k ap manifeste ki rive pran bal kapab respekte.

Nan rapò sa a, nou rejistre mwens ka moun ki mouri ak zak vyolans nan zòn metwopolitèn Pòtoprens lan parapò ak de (2) dènye trimès ki sot pase yo nan lane 2019 la. Men kantite moun ki mouri ak bal pandan twazyèm trimès lane 2019 la rete konsiderab. **Komisyon Jistis ak Lapè** rete kwè pèsòn pa gen dwa retire lavi yon moun, paske se Bondye ki bay lavi, se Bondye ki mèt lavi.

Sekretarya **Komisyon an** remèsye tout sèvis nan Leta a ki te pèmèt li verifiye kèk enfòmasyon oswa done. **Komisyon an** remèsye tout moun an jeneral pou bonjan atansyon y ap bay ak 72èm rapò sou sitiyaasyon vyolans nan zòn metwopolitèn Pòtoprens lan.

Lettre ouverte aux autorités Exécutives, Législatives, Judiciaires et Policières haïtiennes

La **Commission Episcopale Nationale Justice et Paix**, en collaboration avec la **Commission Justice et Paix de l'Archidiocèse de Port-au-Prince** vous salue avec respect.

Le rapport sur la situation de violence dans la zone métropolitaine de Port-au-Prince datant du mois de juillet jusqu'au mois de septembre 2019 nous présente un tableau sombre en ce qui concerne l'insécurité qui bouleverse plusieurs quartiers populaires et les rues de Port-au-Prince. Ce rapport trimestriel montre aussi comment les massacres continuent d'être perpétrés sur les personnes qui vivent dans ces quartiers populaires, notamment le quartier de La Saline. Il parle d'une série de manifestations populaires contre le président Jovenel Moïse qui réclame sa démission. Cette série de manifestations qui ont commencés à la fin du mois d'Août 2019 ont empêchés l'ouverture effective de la rentrée scolaire pour l'année académique 2019-2020. Et, certaines écoles qui ont quand même essayés d'ouvrir leurs portes, deux (2) semaines après elles ont obligés de refermés leurs portes.

Dans ce nouveau rapport, la **Commission** constate que le phénomène de kidnaping qui avait baissé considérablement depuis quelques temps, a refait surface encore dans le pays. Cette fois, les kidnapers ne vont plus enfermer leurs otages à Cité Soleil comme ils le faisaient dans les années 2005-2006 ; mais c'est plutôt dans la commune de Pétion-Ville que la police arrive à mettre la main sur quelques présumés auteurs de ces actes d'enlèvements des personnes. Ce phénomène de kidnaping a fait beaucoup de mal dans le pays. Il faut que l'**institution** policière soit plus proche de la population, souvent c'est le manque de confiance au niveau de l'institution policière qui l'empêche de sauver des vies. Surtout quand on considère les relations de complicité entre les groupes des hommes armés dans certains quartiers populaires et les réseaux de kidnapers.

La **Commission** attire vivement l'**attention** des autorités de l'Etat sur une pratique policière lorsqu'une personne est victime d'une blessure par balle et lorsqu'un détenu ou un **prisonnier** malade a besoin de recevoir des soins médicaux. Quand une personne est victime d'une blessure par balle et qu'il ne meurt pas, que se soit un policier ou un particulier qui a tiré sur cette personne, que se soit un innoçant qui a reçu le projectile dans le cadre d'une intervention de la police. La patrouille de police concernée a pris cette personne, elle la conduit à l'Hôpital général (HUEH) et l'enchaînée sur un lit de l'hôpital sans aucun suivi médicaux. Cette pratique vaut également pour les prisonniers malades qui sont évacués à l'Hôpital pour des besoins médicaux. Souvent cette pratique ne tient pas compte, dans quelle partie du corps de la personne qui a été touché et si cette bléssure a besoin d'une intervention chirurgicale immédiate. Lorsque nous voyons la quantité de victimes par balles dans le cadre des manifestations contre le pouvoir en place ces derniers jours, on se demande comment le droit à la santé d'un manifestant qui est bléssé par balles doit être respecté.

Dans ce rapport, nous enregistrons moins cas de personnes qui sont mortes suite aux actes de violence dans la zone métropolitaine de Port-au-Prince par rapport **aux** deux(2) précédents trimestres de l'année 2019. Cependant la quantité de morts par balle durant ce troisième trimestre est considérable. La **Commission Justice et Paix** croit que personne n'a le droit d'enlever la vie d'une autre personne, parce que c'est Dieu le créateur qui donne la vie et c'est lui seul le maître de la vie.

Le secrétariat de la **Commission** remercie tous les services de l'Etat qui lui ont permis de vérifier quelques informations et données. Il remercie tout le monde en général pour leur attention au 72^e rapport sur la situation de violence dans la zone métropolitaine de Port-au-Prince.

Public Letter to the haitian Executive, Legislative, Judiciary and Police authorities

The National Episcopal Commission Justice and Peace, in collaboration with **the Commission Justice and Peace of the Archdiocese of Port-au-Prince**, greets you with respect.

The report on the situation of violence in the metropolitan area of Port-au-Prince from July to September 2019 presents a gloomy picture of the insecurity that is disrupting several neighborhoods and the streets of Port-au-Prince. This quarterly report also shows how the massacres continue to be perpetrated on people living in these popular neighborhoods, including the neighborhoods of La Saline. He is talking about a series of popular demonstrations against President Jovenel Moïse who is demanding his resignation. This series of demonstrations that began at the end of August 2019 prevented the effective opening of the new school year for the 2019-2020 academic year. And some schools that still tried to open their doors, two (2) weeks after they were forced to close their doors.

In this new report, **the Commission** notes that the phenomenon of kidnapping which had fallen considerably for some time, has resurfaced again in the country. This time, the kidnappers will no longer lock up their hostage in Cité Soleil as they did in the years 2005-2006; but it is rather in the town Petion Ville that the police manage to get their hands on some alleged perpetrators of these acts of kidnapping people. This phenomenon of kidnapping has done a lot of harm in the country. The police institution must be closer to the population, often it is the lack of confidence at the level of the police institution that prevents it from saving lives. Especially when we consider the relations of complicity between the groups of armed men in some popular neighborhoods and networks of kidnappers.

The Commission strongly urges State authorities to consider police practice where a person is the victim of a gunshot wound and when a sick prisoner or prisoner needs medical attention. When a person is shot and does not die. Whether a police officer or an individual who was shot at that person. Whether an innocent person who received the projectile as part of a police intervention. The police patrol involved took this person, took her to the General Hospital (HUEH) and chained her to a hospital bed without any medical follow-up. This practice also applies to sick prisoners who are evacuated to the hospital for medical needs. Often this practice does not take into account, in what part of the body of the person who has been touched and if this injury needs immediate surgery. When we look at the number of victims killed by gunshots in recent days, we wonder how the right to health of a protester who is shot dead must be respected.

In this report, we record fewer cases of people who died as a result of acts of violence in the Port-au-Prince metropolitan area compared to the previous two (2) quarters of 2019. However the number of fatalities by bullet during this third quarter is considerable. **The Commission Justice and Peace** believes that no one has the right to take the life of another person, because God is the creator who gives life and he is the only one who is the master of life.

The Secretariat of **the Commission** thanks all the services of the State which allowed him to verify some information and data. He thanked everyone in general for their attention to the 72nd report on the situation of violence in the Port-au-Prince metropolitan area.

Carta abierta a las autoridades ejecutivas, legislativas, judiciales y policías de haitiano

Comisión Episcopal Nacional Justicia y Paz, en colaboración con la **Comisión de Justicia y Paz de la Arquidiócesis de Puerto Príncipe**, los saluda con respeto.

El informe sobre la situación de violencia en el área metropolitana de Puerto Príncipe de julio a septiembre de 2019 presenta una imagen sombría de la inseguridad que está perturbando varios barrios y las calles populares de Puerto Príncipe. Este informe trimestral también muestra cómo las masacres continúan siendo perpetradas en

personas que viven en estos barrios populares, incluido el barrio de La Saline. Está hablando de una serie de manifestaciones populares contra el presidente Jovenel Moise, quien exige su renuncia. Esta serie de manifestaciones que comenzó a fines de agosto de 2019 impidió la apertura efectiva del nuevo año escolar para el año académico 2019-2020. Y, algunas escuelas que todavía intentaron abrir sus puertas, dos (2) semanas después de que forzaron a cerrar sus puertas.

En este nuevo informe, **la Comisión** señala que el fenómeno del secuestro, que había disminuido considerablemente durante algún tiempo, ha resurgido nuevamente en el país. Esta vez, los secuestradores ya no encerrarán a sus rehenes en Cité Soleil como lo hicieron en los años 2005-2006; pero es más bien en la ciudad de Pétiyon Ville donde la policía logra poner en sus manos a algunos presuntos autores de estos actos de secuestro de personas. Este fenómeno de secuestro ha hecho mucho daño en el país. La institución policial debe estar más cerca de la población, a menudo es la falta de confianza a nivel del instituto policial lo que le impide salvar vidas. Especialmente cuando consideramos las relaciones de complicidad entre los grupos de hombres armados en algunos barrios populares y redes de secuestradores.

La Comisión insta a las autoridades del Estado sobre la práctica policial cuando una persona es víctima de una herida de bala y cuando un preso o preso enfermo necesita atención médica. Cuando una persona recibe un disparo y no muere, ya sea un oficial de policía o un individuo que le disparó a esa persona, ya sea una persona inocente que recibió el proyectil como parte de una intervención policial la patrulla policial involucrada llevo a esta persona, la llevo al Hospital General (HUEH) y la encadenó a una cama de hospital sin ningún tipo de seguimiento médico. Esta práctica también se aplica a los prisioneros enfermos que son evacuados al hospital por necesidades médicas. A menudo, esta práctica no tiene en cuenta, en qué parte del cuerpo de la persona que ha sido tocada y si esta lesión necesita cirugía inmediata. Cuando observamos el número de víctimas asesinadas por disparos en los últimos días, nos preguntamos cómo debe respetarse el derecho a la salud de un manifestante que es asesinado a tiros.

En este informe, registramos menos casos de personas que murieron como resultado de actos de violencia en el área metropolitana de Puerto Príncipe en comparación con los dos (2) trimestres anteriores de 2019. Sin embargo, el número de muertes por bala durante este tercer trimestre es considerable. **La Comisión de Justicia y Paz** cree que nadie tiene el derecho de quitarle la vida a otra persona, porque Dios es el creador que da la vida y él es el único que es el dueño de la vida.

La Secretaría de **la Comisión** agradece todos los servicios del Estado que le permitieron verificar cierta información y datos. Agradeció a todos en general por la atención que prestaron al informe 72 sobre la situación de violencia en el área metropolitana de Puerto Príncipe.

Mme Jocelyne COLAS NOEL, Directrice Nationale

M. Joël JOSEPH, Secrétaire Général de Jilap Port-au-Prince

M. Jean Bernard MARCELIN, Responsable de l'Observation

Tablo sentèz sòti nan mwa jiyè pou rive nan mwa sektanm 2019

Fason nou analize vyolans nan Pòtoprens
Tableau synthèse de la violence à Port-au-Prince

		Mwa Jiyè 35 viktim	Mwa Out 44 Viktim	Mwa Sektanm 24 viktim
a. Sou idantite viktim yo				
Polis ak ajan sekirite ki viktim		3	5	4
Fanm ki viktim		4	11	5
Timoun ki viktim		2	-	-
Viktim yo pa konnen kilès yo ye		17	31	14
Viktim yo konnen kilès		18	13	10
b. Sou lakòz lanmò yo				
Moun ki mouri ak bal		31	31	17
	Moun ki mouri ak bal lapolis	4	5	5
	Moun ki mouri nan afwontman ak polis	-	-	-
	Moun ki mouri ak bal bandi ki nan gang	15	11	-
	Viktim afwontman ant gang	9	-	-
	Moun ki mouri ak bal nèg ak zam yo pa rive idantifye	3	15	12
Moun ki touye tèt yo		-	1	-
Moun ki mouri ak zam blanch, wòch, fè, baton ak manchèt		-	-	-
Moun ki mouri nan aksidan		-	12	1
Moun ki mouri nan move tan		4	-	4
Lòt kòz ak sa yo pa konnen		-	-	2
c. Sou kèk katye : ki kote				
Komin Pòtoprens		30	24	11
Komin Site Solèy		-	-	1
Komin Kafou		-	4	1
Komin Dèlma		1	10	5
Komin Petyonvil, wout Frè		-	-	1
Komin Taba		3	5	5
Komin kwadèboukè		1	1	-
d. Sou kèk lòt sikonstans				
Moun ki mouri sou etikèt vòlò		-	-	2
Etikèt kidnapè/bandi		-	-	-

Obsèvasyon CE-JILAP fè nan zòn metwopolitèn Pòtoprens lan

Sa ki te atire atansyon nou pandan twazyèm trimès 2019 la !

Pou twazyèm trimès 2019 la, **Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè** obsève 103 ka kote moun mouri ak zak vyolans nan zòn metwopolitèn Pòtoprens lan. Pami yo genyen 79 moun ki mouri ak bal, trèz (13) moun ki mouri nan aksidan sikilasyon, uit (8) moun ki mouri nan move tan, yon (1) moun ki touye tèt li ak de (2) lòt moun ki mouri, men nou pa rive konnen kòz lanmò yo.

Sòti mwa jiyè pou rive mwa sektanm 2019 la, te genyen yon seri evènman ki rive youn dèyè lòt. Pou kòmanse, byen bonè nan mwa jiyè 2019 la, moun nan katye Lasalin te sibi yon lòt masak ankò. Selon yon rapò Rezo Nasyonal k ap Defann Dwa Moun yo (RNDDH) pibliye nan kòmansman mwa oktòb la, plis pase yon ventèn moun mouri ak bal epi manchèt. Twazyèm trimès 2019 la, te make tou ak yon seri zak banditis nan anpil katye nan zòn metwopolitèn Pòtoprens lan. Fenomèn jèn ak zam nan kontinye ap taye banda nan katye popilè yo. Santiman ensekirite a ap ranfòse chak jou pi plis bò kote popilasyon an. Sitou lè nou konsidere jan sa vin difisil pou sikilasyon libelibè nan zòn metwopolitèn nan. Pèsòn moun pa santi l alèz pou sikile libelibè san okenn difikilte. Menm plas piblik yo tounen espas kote nèg ak zam vin entimide, agrese ak touye moun.

Twazyèm trimès 2019 la make tou ak yon seri manifestasyon popilè kont prezidan Jovenel MOISE pou mande l demisyone. Manifestasyon sa yo ki te kòmanse nan finisman mwa dawou 2019 la, te lakòz ane akademik 2019-2020 an pa t kab louvri kòm sa dwa. Menm si kèk lekòl te fòse louvri pòt yo, de (2) semèn annapre yo ta pral blije fèmen pòt yo. Nan kad manifestasyon sa yo, nou rejistre plizyè moun ki mouri ak bal, moun ki blese ak anpil dega materyèl.

Komisyon an toujou di nan rapò li yo, li byen konsyan li pa rive anrejistre tout ka kote moun mouri anba zak vyolans nan zòn metwopolitèn Pòtoprens lan, sitou lè nou konsidere sa k ap pase pandan peryòd leve kanpe kont prezidan Jovenel MOISE la.

Konsta yo

1. Masak nan katye popilè yo

Masak yo kontinye ap fèt anndan katye popilè yo. Katye Lasalin te sibi yon dezyèm gwo chòk aprè yon premye masak ki te fèt, kote **Komisyon an** te rive anrejistre 54 ka moun ki te mouri ak bal, kout manchèt ; epi genyen nan kadav yo te mete dife sou yo. Menm katye Lasalin sa a, san li poko fin fè dèy pou moun ki te mouri nan premye evènman sa a, sibi yon dezyèm masak nan kòmansman mwa jiyè 2019 la. Plis pase ven (20) moun pèdi lavi yo. Jis kounye a, rezilta ankèt sou premye masak la poko janm disponib pou popilasyon an konnen kisa ki te pase egzateman nan mwa novanm 2018 nan katye Lasalin nan.¹ Anpil moun ap mande: jis kilè popilasyon nan katye Lasalin ap jwenn jistis? Poukisa lapolis pa mete kanpe yon plan sekirite nan katye Lasalin yon manyè pou anpeche lòt zak kriminèl konsa rive touche popilasyon an nan katye sa a? Ki vrè wòl Leta a devan sitiyasyon katchouboumbe sa yo popilasyon nan katye popilè yo ap viv chak jou ki jou?

2. Zafè kidnapin k ap retounen

Komisyon an konstate fenomèn kidnapin nan, ki te fè yon bese depi kèk tan, retounen ankò nan peyi a. Men, olye kidnapè yo al sere moun yo nan komin Site Solèy jan sa te konn fèt nan lane 2005-2006 yo, kounye a fenomèn kidnapin nan gaye kò l nan plizyè zòn anndan peyi a. Men plis ka ki repete yo, se nan Matisan ak nan komin Petyon Vil.

Selon Asad Volcy, nan lannwit 22 jiyè 2019 la, yo kidnape Masner Assad ak Christinson Atis nan zòn Vivi Mitchèl ki nan komin Petyon Vil. Aprè 13 jou, paran viktim yo bay kidnapè yo \$ 70 000 dola ameriken pou lage moun yo.²Dimanch 15 septanm 2019, lapolis arete Junior Registre nan zòn Pegivil nan komin Petyonvil sou akizasyon li ta sere yon timoun 15 lane pandan plizyè jou. Lapolis jwenn anndan lakay Junior Registre la anpil zam ak bal, yo jwenn lajan (yo pa di ki kantite), yo jwenn mayo ki make Polis Nasyonal Dayiti sou li. Nan operasyon sa a, lapolis te rive libere adolesan sila a ki te gen 15 lane sèlman.

¹ Plizyè rapò gen tan fèt sou premye masak la : Rapò RNDDH, rapò CARDH, Rapò Fondasyon Je Klere, Rapò 69èm CE-JILAP la ki pale sou sa ak Rapò Minujsth. Rapò nou poko janm wè, se rapò ofisyèl Leta Ayisyen ak yon aksyon devan Lajistis.

² Le Nouvelliste No 40887, mèkredi 7 dawou 2019.

NB : Le Nouvelliste devwale kèk ka nan Petyonvil, men temwayaj nou resewva yo fè n konnen anpil ka rive nan zòn Matisan, Vilaj Dedyè, Simon Pele, kote gwoup ak zam fè kòb nan sere moun pou kèk tan.

Nan youn nan ka yo, lapolis te reyisi libere viktim nan epi mete men sou kidnapè a; nan lòt ka, paran viktim yo te blije bay kidnapè yo lajan pou yo te libere pwòch yo. Lapolis pa rive konnen pi fò kidnapin yo, paske fanmi oubyen pwòch viktim yo prefere pa avèti lapolis sou pretèks pou pa mete lavi viktim nan an danje.

Depi aprè gwo tranbleman tè ki te souke peyi a nan mwa janvye 2010 la, komin Petyonvil ki te yon vil rezidansyèl vin tounen kapital ekonomik peyi a. Prèske tout gwo biznis ki te anba lavil nan Pòtoprens monte ale enstale yo nan komin Petyonvil. Menm sektè enfòmèl la ogmante, ou vin jwenn plis ti machann ki ale degaje yo nan Petyonvil. Nan rapò nou, sitou nan dènye ane sa yo, nou remake tou yon ogmantasyon moun k ap mouri ak zak vyolans nan komin Petyonvil sitou sou wout Frè.

Fenomèn kidnapin sa a fè peyi a anpil mal, lapolis la dwe vin pi pwòch popilasyon an paske anpil fwa se mank konfyans nan lapolis la ki konn fè li pa sove anpil vi, sitou lè nou konsidere kòkòday ki genyen ant gwoup nèg ak zam nan yon seri katye popilè ak rezo k ap fè zak kidnapin yo.

3. Fason lapolis arete moun ki blese

Komisyon an konstate yon pratik nan lapolis la: *Souvan lè yon moun pran bal lapolis oubyen lè lapolis al arete yon moun, yo konn tèlman maltrete moun nan, bakòp polis la konn pran moun sa a epi al anchennen li sou yon kabann nan Lopital Jeneral (HUEH). Pafwa, yo pa konsidere nan ki pati nan kò li moun nan touche ak si li bezwen fè operasyon prese prese.*

Jounen Jodi a, Lè nou konsidere kantite moun ki pran bal nan kad seri manifestasyon popilè k ap fèt kont pouvwa anplas la, n ap mande kòman dwa sante yon moun k ap manifeste ki rive pran bal kapab respekte? Pratik anchennen moun ki pran bal lè polisye mennen yo nan Lopital Jeneral la pa marye ditou ak respè pou dwa sante moun. Fòk nou di tou, genyen moun ki rive mouri ak chenn ki nan pye yo a akòz yo pa jwenn bon jan swen ki nesèsè. **Komisyon an** fè tout moun sonje, pèsòn moun pa dwe pèdi dwa lasante li, menm si moun sa a ta rive kondane pou yon zak lalwa te repwoche l.

4. 3zyèm sikonskripsyon komin Pòtoprens lan toujou anba kontwòl nèg ak zam k ap koupe rache san okenn respè pou lalwa ak pou lavi moun

Komisyon an konstate gwo laperèz ak kè kase k ap boulvèse moun k ap viv nan yon seri zòn anba lavil la. Jan nou te ekri sa nan rapò 70 ak 71 lan, sòti Pòtay Leyogàn rive 1ye Avni jiska 5yèm Avni Bòlòs, Fò Mèkredi, Gran Ravin, Tibwa, Vilaj Dedyè, Bisantrè, Matisan rive Fontamara se toujou ak anpil kè kase popilasyon an ap viv nan zòn sa yo chak jou Bondye mete. Sepandan,

tout moun ap konstate ak de (2) je yo, genyen yon sou-komisarya sou Pòtay Leyogàn, genyen youn nan Gran Ravin, youn nan Tibwa, youn nan Matisan. Moun yo kapab konstate tou, genyen yon pwen fiks lapolis nan Fontamara, youn nan Matisan 23, youn nan 5yèm avni Bòlòs, youn nan 1ye avni Bòlòs ak youn sou Bisantnè a. Poutan, nèg ak zam ap bay moun yo pwoblèm lajounen kou lannwit, santiman ensekirite a ap anvayi tout katye yo youn aprè lòt. Otorite yo nan peyi a dwe panse sekirite popilasyon an yon lòt jan. Sityasyon laperèz sa a pa kapab rete konsa.

Kiyès k ap dirije seksyon kominal yo ?

Jounen jodi a sityasyon peyi a tris anpil. Zòn metwopolitèn Pòtoprens lan tounen teyat nèg ak zam k ap fè yo tande yo lajounen kou lannwit. Men tou, jan nou toujou di sa nan rapò nou yo, se pa yon reyalite ki fasil pou konprann. Tout estatistik yo montre kantite moun ki p ap travay nan peyi a de(2) fwa plis pase sa k ap travay yo. Gen yon kantite timoun ki te kòmanse ale lekòl, men ki pa fini lekòl. Pifò nan timoun sa yo se nan katye popilè yo y ap viv. Mete sou sa, plis pase 60 % moun k ap viv nan peyi a se jèn ki pa gen plis pase 35 lane.

Devan reyalite sa a, Leta ayisyen pa janm pran okenn mezi ki alawotè sityasyon an. Okontrè, li pito depanse lajan taks popilasyon an nan yon seri pwogram bidon ak fè pwopagann pou regle zafè politik, pou regle zafè wo grade nan Leta a ak sèvi enterè ekonomik yon ti gwoup moun nan peyi a.

Devan pakèt gwoup nèg ak zam ki gaye nan prèske tout katye yo, anpil obsèvatè ap mande :
kiyès vreman k ap dirije zòn yo oubyen seksyon kominal yo ?

Daprè konstitisyon 29 mas 1987 la, nan sa ki gen awè ak divizyon administratif peyi a nou jwenn KASEK, ASEK, Majistra, Konsèy minisipal, Konsèy depatmantal ak entèdepantmantal ; nou genyen tou depite ak senatè, epi prezidan ak gouvènman an, elatriye... Poutan anreyalite se nèg ak zam yo ki pran plas KASEK la nan yon seri seksyon kominal e pafwa fonksyon majistra a nan kèk komin. Lè n gade sa k ap pase nan 3zyèm sikonskripsyon Pòtoprens la, Komisyon an ap mande :
Kiyès k ap dirije 8tyèm seksyon kominal Pòtoprens lan? Eske se KASEK la oubyen se nèg ak zam ki anndan seksyon an ? Kesyon sa a valab tou pou plizyè lòt seksyon kominal ak komin ki genyen nan peyi a.

Anpil fwa, se chèf nèg ak zam sa yo ki konn rele nan estasyon radyo pou espliche kijan pou lapolis la kapab sekirize yon seri lòt zòn. Se yo menm k ap rele nan radyo pou mande enstans nan Leta ki konsène yo bon jan dlo pwòp pou popilasyon lakay yo, se yo k ap mande sant sante, espas rekreyatif, lekòl ak inivèsite, elatriye... Tandiske, enstans ki la pou vote bidjè pou seksyon

kominal la : se ASEK, enstans ki la pou administre seksyon kominal la : se KASEK, enstans ki la pou dirije komin nan se : majistra yo.

Se konsa zak vyolans ap taye banda nan katye popilè yo, nan plizyè seksyon kominal, nan plizyè komin paske Leta lokal la absan totalman. **Poukisa Leta chwazi abandone tout yon popilasyon ki sou kont li ? Ki wòl Ministè Enteryè ak Kolektivite Teritoryal yo genyen devan zak vyolans nèg ak zam kreye nan katye popilè yo ?** Sosyete sivil ayisyen an pa kapab kite dirijan nan Leta a ap fini ak peyi a konsa. Sosyete sivil la dwe leve vwa l pou di non, se pa nèg ak zam ki pou pran katye popilè yo an otaj. Sosyete sivil la dwe fòse Leta a pou l chanje direksyon, paske sitiyasyon vyolans ki nan katye popilè yo p ap bon pou pitit nou ak pitit pitit nou.

Komisyon an vle fè n sonje : depi nan lane 1987, pèp ayisyen an chwazi chimen demokrasi pou fè peyi a vanse. Sa ki vle di, se pa ni ak zam ni ak laperèz yon gwoup moun nan sosyete a kapab anpeche tout yon popilasyon viv. Nou kondane tout pratik vyolans, paske vyolans pwodui vyolans. Men nou konnen, vyolans nèg ak zam nan diferan katye popilè yo pa soti nan syèl, li genyen yon orijin, li genyen lòt gwo bra k ap soutni l. Selon anpil temwayaj, genyen yon seri depite, senatè, otorite ki nan pouvwa politik yo, politisyen ak politisyèn, moun k ap fè gwo biznis nan peyi a ak anpil lòt moun ankò ki fasilite oubyen mete zam ak bal nan men jèn sa yo pou detwi peyi a ak pwòp tèt pa yo.

5. Kijan pou konprann konpòtman lapolis lè gen leve kanpe popilè nan peyi a?

Lendi 16 septanm 2019, nan zòn Dikini 63, lapolis nan komin Kafou tire ak bal reyèl Vladimir Phédé, yon jèn gason ki ta pral chèche pitit li lekòl. Selon temwen yo, polisye yo ki te nan patwouy la konfonn jèn gason sila a ak moun ki t ap mete barikad nan kad manifestasyon popilasyon ki t ap fèt pou yo te jwenn gaz pou yo sèvi. Komisyon an mande nan non ki prensip yon polisye kapab deside retire lavi yon moun paske li sispèk moun nan t ap bare wout ? Eske lapolis kapab tire konsa ak bal reyèl sou moun k ap manifeste ? Ki sans dwa pou moun manifeste genyen pou lapolis la ?

Fòk nou di tou, se pa pou premye fwa lapolis aji konsa. Nan dat 25 jen 2016 nan komin Kafou, zòn Wane 87, lapolis tire ak bal reyèl Rosier Stanley Abel, alòske yo te fin metrize l. Komisyon an mande ki sans lavi moun genyen pou yon polisye ? Komisyon an fè tout popilasyon an sonje epi lapolis an patikilye, pèp ayisyen an gen dwa pou manifeste pou nenpòt sa ki pa mache nan peyi a, sa se yon dwa ki fondamantal. Pyès moun pa kapab retire dwa sa a, menm si lalwa defini ki jan sa kapab fèt. Se yon dwa popilasyon ayisyen an rive jwenn aprè anpil batay, lè l te sòti anba kout zam tonton makout ak lame d Ayiti nan lane 1980 yo.

Sa k vin konplike konpòtman lapolis se lè politik la pran devan sou dwa moun genyen. Wi, kòlè pèp la lejitim. Gouvènman an pa reponn demann li yo, li fè zòrèy li soud ; yon gouvènman responsab ap koute revandikasyon yo. Opozisyon an tou pa kapab itilize nenpòt mwayen pou fè revandikasyon yo pase. Lè l sèvi ak gwoup ak zam pou ranfòse demann yo, se popilasyon an ki viktim de fwa :

- Li viktim anba sitiyaasyon enjis la ;
- Li viktim anba vyolans gwoup ak zam, politisyen ak politisyèn yo mete nan lari pou defann pwòp enterè mesken pa yo.

Rekòmandasyon Komisyon an

A. Nan sa ki gen awè ak masak yo ak lòt vyolasyon dwa moun:

Men sa **Komisyon an** rekòmande lapolis jidisyè ak lajistis:

1. Ankèt yo dwe abouti, sa ki vle di, otorite yo dwe pibliye rezilta ankèt yo yon mannyè pou tout moun konnen sa ki te pase tout bon vre. Peyi a pa kapab kontinye ap viv nan voye monte, nan enpinite, nan sispèk moun. Lajistis la dwe fikse responsabilite yo, se sèl fason pou konbat enpinite nan peyi a. Sitou nan sa ki konsène masak ki te fèt nan Lasalin nan de (2) repriz ak Kafou Fèy nan dènye mwa yo.
2. Enspeksyon Jeneral Lapolis la dwe pran mezi ki nesèsè kont tout polisye ki fè vyolasyon dwa moun nan egzèsis fonksyon yo. Epi yo dwe fè popilasyon an konnen ki mezi yo pran yo tou.
3. Twòp krim kontinye ap fèt nan peyi a san popilasyon an pa janm konnen kilès ki fè yo.³ Aparèy jidisyè a dwe pi aktif pou mennen ankèt yo sou moun laklamè piblik ap denonse.

B. Nan sa ki gen awè ak kidnapin nan ki vle reprann :

Men sa **Komisyon an** rekòmande pou konbat reyalyte kidnapin nan ki vle reprann nan peyi a :

1. Lapolis la dwe vin pi pwòch popilasyon an. Fòk popilasyon an kapab fè enstitisyon polis la konfyans, paske konbat kidnapin mande direksyon, konfyans ak konpetans.
2. Ankouraje fanmi ak pwòch moun ki viktim yo fè deklarasyon nan lapolis. Nan chak komisarya dwe gen yon reprezantan DCPJ (Direksyon Santral Polis Jidisyè) ki ta dwe kapab pran deklarasyon sa a oserye.

C. Nan sa k gen awè pou gen lapè nan katye popilè yo :

Men sa **Komisyon an** rekòmande :

1. Leta a dwe pi prezan nan katye popilè yo atravè diferan sèvis piblik li yo.
2. Politisyen ak politisyèn yo pa dwe sèvi ak lamizè popilasyon an pou regle pwòp avantaj mesken pa yo. Vyolans pa dwe gen plas li pami metòd politik pou rive pran pouvwa.

³ Nan chak rapò, JILAP pibliye lis viktim yo, mezi l kapab ak tout non yo. Tout ka sa yo, se ka enpinite yo ye.

3. Sosyete sivil la dwe mete ansanm ak pati politik yo pou ekri yon « kòd etik pou politisyen ak politisyèn » ki kapab tounen yon bousòl pou tout moun ki vle angaje tèt li nan fè politik nan peyi a.

D. Nan sa ki gen awè ak konpòtman lapolis nan manifestasyon yo :

Men sa **Komisyon an** rekòmande :

1. Tout polisye kèlkeswa nan ki inite espesyalize yo ye a dwe respekte dwa moun k ap manifeste yo.
2. Lapolis la dwe egzije pou moun k ap òganize manifestasyon yo respekte lalwa yon mannyè pou lapolis la kapab òganize bon jan ankadreman pou manifestan yo. Fòk tout antant yo klè depi anvan moun pran lari a.
3. Lapolis la pa dwe sèvi ak bal reyèl nan kad manifestasyon popilè k ap fèt yo. Lapolis la pa kapab sèvi ak plis fòs pase sa ki vreman nesèsè pou jere yon foul moun, paske se pa nan lagè nou ye.
4. Kote Lapolis la aji mal oubyen li fè erè, fòk gen ankèt ki fèt sou sa, fòk gen jijman si se yon bagay kriminèl epitou fòk yo pran sanksyon kont tout koupab yo.

E. Nan sa ki gen awè ak dwa lasante moun yo arete yo :

Men sa **Komisyon an** rekòmande:

1. Lè lapolis arete yon moun pou nenpòt ki rezon, fòk li kapab avèti fanmi li oubyen pwòch li yo pou fè yo konnen ki kote li ye.
2. Si yo blese moun nan nan moman arestasyon an, Leta dwe fè moun nan jwenn tout premye swen ki nesèsè nan moman sa a.
3. Menm si yon moun sou kabann lopital, paske lapolis te arete l, epi poutèt kondisyon sante li, li pa kapab ale oubyen rete nan yon gadavi, yo dwe respekte tan gadavi a kapab dire: li pa dwe depase 48 tè.

F. Nan sa ki gen awè ak kriz peyi a ap travèse a :

Men sa **Komisyon an** rekòmande :

1. Gouvènman an ak opozisyon an dwe montre plis sajès nan jan y ap jere kriz politik peyi a, sitou si se byen popilasyon an y ap chèche. Si dyalòg pa posib, fòk gen siy ki montre klè se byen popilasyon an y ap chèche ; yo dwe bay prèv se pa sèlman yon batay pou pouvwa ki enterese chak pati yo.
2. Tout aktè yo dwe sonje : tout lavi yon moun se pa politik, menm si politik la enpòtan. Moun gen lòt bezwen toujou tankou : bezwen ekonomik yo, bezwen pou jwenn ti moso lapè, epitou gen bezwen fanmi yo, bezwen ledikasyon, bezwen lasante, elatriye...

(Version Française)

Le travail d'observation de la CE-JILAP dans la zone métropolitaine de Port-au-Prince

Les points saillants du troisième trimestre de l'année 2019

Pour le **troisième** trimestre de l'année 2019, la **Commission Episcopale Justice et Paix** a observé 103 cas de personnes qui sont mortes suite aux actes de violence dans la zone métropolitaine de Port-au-Prince. Parmi ces cas, il y a 79 personnes mortes par balles, treize (13) personnes mortes dans les accidents de la circulation, huit(8) personnes mortes dans les intempéries, une(1) personne suicidée, et deux(2) autres personnes dont nous ignorons encore la cause du décès.

De juillet à septembre 2019, il y a eu une série d'évènements qui se sont succédé. Tout d'abord, dès le commencement du mois de juillet, la population de La Saline a subi un autre massacre. En effet, selon un rapport du Réseau National de Défense des Droits Humains (RNDDH), publié en début du mois d'octobre, plus d'une vingtaine de personnes sont mortes par balles et par armes blanches. Ce troisième trimestre a été aussi marqué par plusieurs actes de banditisme dans plusieurs quartiers de la zone métropolitaine de Port-au-Prince. Le phénomène des jeunes hommes armés dans les quartiers populaires s'amplifie quotidiennement. Le sentiment d'insécurité pèse lourdement chaque jour sur la population, surtout qu'il est devenu très difficile de circuler librement dans les rues de la zone métropolitaine. Personne ne se sent à l'aise lorsqu'elle prend la rue, même les places publiques sont devenues des espaces où les hommes armés viennent intimider, agresser et tuer des gens.

Le troisième trimestre a été également marqué par une série de manifestations populaires contre le président Jovenel Moïse qui réclame sa démission au pouvoir. Cette série de manifestations qui ont commencés à la fin du mois d'août 2019 ont empêchés l'ouverture effective de la rentrée scolaire pour l'année académique 2019-2020. Et, certaines écoles qui ont quand même essayés d'ouvrir leurs portes, deux (2) semaines après, elles ont obligés de refermés leurs portes. Au cours de ces manifestations populaires, nous enregistrons plusieurs cas de personnes qui sont morts par balles et de nombreux dégâts matériels.

La Commission a toujours relaté dans ses rapports trimestriels, qu'elle est bien consciente de **n'avoir pas arrivé** à enregistrer tous les cas de morts violentes dans la zone métropolitaine de Port-au-Prince.

DES CONSTATS ALARMANTS

1. Les massacres dans les quartiers populaires

Les massacres ont continué de perpétuer dans les quartiers populaires. Le quartier de la Saline a subi encore un deuxième traumatisme après le premier carnage qui a eu lieu dans ce même quartier il y a environ un an, là où **la Commission** a enregistré 54 cas de personnes qui ont été tués par balles, par armes blanches et carbonisés certains cadavres. Le quartier de la Saline qui n'a pas encore fait son deuil pour les personnes qui ont été tués lors du premier massacre, a connu pour une deuxième fois une autre tuerie. Selon un rapport de RNDDH, plus de vingt(20) personnes sont mortes au début du mois d'octobre à la Saline. Pourtant, le résultat de l'enquête du premier massacre n'est pas encore disponible pour que la population s'informe sur ce qui s'est passé exactement à la Saline en novembre 2018⁴. Plusieurs personnes s'interrogent : Quand est-ce que la population de la Saline obtiendra justice et réparation pour des préjudices subis ? Pourquoi la police ne met pas sur pied un plan de sécurité dans ce quartier pour empêcher d'autres actes criminels ne se reproduisent pas ? Quel est le vrai rôle de l'Etat face à cette situation de marasme que vivent les gens dans les quartiers populaires au quotidien ?

2. Retour en force du phénomène de kidnapping

La Commission constate que le phénomène du kidnapping qui avait considérablement baissé depuis quelques temps retourne dans le pays. Mais cette fois la commune de Cité Soleil n'est plus le lieu où les ravisseurs vont cachés les personnes enlevées comme ils le faisaient dans les années 2005-2006. A présent le phénomène s'est répandu dans plusieurs zones du pays et plusieurs cas sont enregistrés dans les communes de Martissant et de Pétion-Ville.

Selon Asad Volcy, dans la nuit du 22 juillet 2019, Masner Assad ak Christinson Atis ont été kidnappés dans la zone de Vivi Mitchel dans la commune de Pétion-Ville. Après 13 jours, les parents des victimes ont remis aux kidnappeurs \$ 70 000 dollars américains pour qu'ils libèrent leurs enfants.⁵

